



Pou Piblikasyon Imedya: 06/12/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ADISYON 160 EKTA TÈ NAN PAK ETA SCHUNNEMUNK NAN KONTE ORANGE

Akizisyon an Agrandi Santye yo, e Pwoteje Abita nan Hudson Valley

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse adisyon 160 ekta karo tè nan Pak Eta Schunnemunk nan Konte Orange. Pwopriyete an, ke yo achte nan men Open Space Institute (OSI), pral pèmèt plis rekreyasyon sou santye yo pandan tout ane an, epi l ap pwoteje abita natirèl nan Hudson Valley. Koulye a, Pak Eta Schunnemunk gen plis pase 1,335 ekta tè, e li ofri panorama krèt Hudson Highlands sou bò lès la, e krèt Shawangunks ak Catskills sou bò lwès. Nouvo mòso tè an pral elaji rezo santye rekreyasyon rejyon an, prezève vi pitorèsk yo, e pwoteje zòn nan kont twòp devlopman.

“New York gen yon istwa long e rich nan zafè pwoteksyon anviwònman, e pwoteksyon ak prezèvasyon resous natirèl New York yo pi enpòtan koulye an pase anvan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou agrandi Pak Eta Schunnemunk, nou ofri vizitè ak rezidan Konte Orange chans pou yo eksplòre bote pitorèsk san parèy Hudson Valley kounye a e pou jenerasyon k ap vini yo.”

Nan moman an, zòn nan se yon youn nan panorama prefere pou moun k ap fè randone sou long distans, k ap vwayaje sou 240 km Highlands Trail, soti Delaware rive Hudson River, e sou 575 km Long Path, soti George Washington Bridge rive Pak Eta Thacher nan Konte Albany. Chita nan zòn Moodna Creek Watershed, ki pote dlo potab bay Konte Orange, konsèvasyon pwopriyete an ankouraje planifikasyon alontèm ak pwoteksyon plizyè espas ouvè nan zòn nan, tankou paregzanp Plan Konsèvasyon ak Jesyon Moodna Creek Watershed (Moodna Creek Watershed Conservation and Management Plan), Plan Espas Ouvè Konte Orange (Orange County Open Space Plan), ak Plan Biyodivèsite Southern Walkill (Southern Walkill Biodiversity Plan).

“Tè panoramik sa yo ofri bon jan opòtinite rekreyasyonèl nan rejyon an, e yo kontribye nan lè pwòp ak dlo pwòp”, **Komisyònè Pak Eta yo (State Parks), Rose Harvey, te deklare.** “New York gen chans dèske li gen yon Gouvènè ki pran kalte angajman sa a pou pwoteje anviwònman an e ankouraje kreyasyon pak, ansanm ak patenarya avèk Open Space Institute pou konsève tè enpòtan eta nou an.”

“Nan 21 ane ki sot pase yo, e atravè sis tranzaksyon ki te totalize 1,117 ekta tè, OSI te sou teren an, pou kreye e agrandi Pak Eta Schunnemunk pou avantaj ak plezi piblik lan. Dènye adisyon yo fè nan Schunnemunk pèmèt plis opòtinite pou lwazi, sipòte abita

sovaj, e pwoteje dlo pwòp, nan youn nan rejyon k ap grandi pi rapid nan eta a”, **Kim Elliman, ki se Prezidan ak PDG OSI a, te deklare.** “Pwojè sa a souliyen enpòtans Fon Pwoteksyon Anviwònmantal New York nan pwoteje resous natirèl vital eta a, epi nou rekonesan pou sipò san souf Gouvènè Cuomo ak manm lejislati eta a. Nou remèsye tou fondasyon The Peter and Carmen Lucia Buck Foundation pou sipò yo nan pwoteje tè an.”

Kad Egzekitif Konte Orange, Steve Neuhaus, te deklare, “Pak Eta Schunneunk se yon bijou nan Hudson Valley, e lè nou ajoute 160 ekta tè sou gwo resous natirèl sa a, nou ede pwoteje tè an pou moun ki renmen lanati pou jenerasyon k ap vini yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman li pran pou prezève resous vital New York yo pou rezidan ak vizitè”.

Bourad lajan ki soti nan Fon Pwoteksyon Anviwònmantal te pèmèt Pak Eta achte pasèl tè an pou 806,000 dola. Bidjè Eta 2017-18 lan gen ladan 300 milyon dola pou Fon Pwoteksyon Anviwònmantal la, k ap bay finansman san presendan pou pwoteksyon espas lib yo, jesyon tèren pak yo, jistis anviwònmantal, anlèvman espès anvayisan, ak lòt pwojè pwoteksyon anviwònmantal.

An plis, NY Parks 2020 Gouvènè an se yon angajman sou plizyè ane pou favorize yon pakèt seri finansman piblik ak prive pou investi apeprè 900 milyon dola nan Pak Eta yo.

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik nan Eta New York lan sipèvize plis pase 250 pak endividyèl, sit istorik, santye rekreyatif ak lansman bato yo, ki vizite pa 69 milyon moun chak ane. Resaman, yon etid inivèsite te jwenn ke depans Pak Eta yo ak vizitè yo fè rapòte 5 milya dola nan pwodiksyon ak lavant, sipòte 54,000 djòb nan sektè prive an, e plis pase 2.8 milya dola anplis pou PEB (Pwodui Enteryè Brit) eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt zòn rekreyatif sa yo, rele 518-474-0456 oswa vizite www.parks.ny.gov, konekte sou Facebook, oswa swiv nou sou Twitter.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418